

Efè Itilizasyon Marijuana Nan Gwosès

Marijuana gen prèske 500 sibstans tankou tetrahydrocannabinol (THC), se li ki engredyan psikoaktif nan marijuana, ki ka pase nan plasanta a pou rive jwenn bebe a nan gwosès epi ki ka andomaje bebe a nan devlopman li.¹ Lè ou itilize marijuana, kèlkeswa metòd lan (manje li, fimèn li, oswa vaporize li), THC ka pase nan plasanta a rapidman epi ale nan sèvo ti bebe a ak selil lipid li. THC atache li a kèk reseptè nan sistèm andokanabinoid intèn nou, ki jwe on gwo wòl nan devlopman sistèm nève santral nou. Sa vle di ke itilize marijuana diran gwosès ka andomaje sèvo bebe a nan devlopman li.²

Men kèk efè ke itilizasyon marijuana pandan gwosès kapab genyen sou devlopman on ti bebe:



Gwosès

- 2-3 fwa pi gwo risk pou gen on mòtinesans (lè on ti bebe mouri a oswa apre 20 semèn nan vant manman an)³
- Konplikasyon takou anemi²
- Vètij ak lòt alterason nan jijman ou ki ka mete'w a risk andomanjman tankou tonbe⁴



Alètman

- Marijuana ka rive nan lèt manman an epi li ka afekte devlopman ti bebe a⁵
- Alètman leu wap itilize marijuana vremen danjere paske THC rete nan tisu adipez manman an e lantman kite sistèm li, ki ka ekspoze ti bebe a menm si manman an sispann fimèn⁵
- Yo jwen ke ti bebe 1-an ki te ekspoze a marijuana nan lèt manman yo nan premye 6 mwa lavi yo gen on diminisyon nan devlopman fizik yo⁵
- Lòt etid jwenn ke timoun ki ekspoze a marijuana lè to tap alete gen pwoblèm nan fason yo manje ak alete⁵

Nouvo-ne

- Limitasyon nan devlopman fetis la (ti bebe a pa pran pwa li sipoze pran an anvan li fèt)²
- Ti pwa nan nesans (bebe an fèt a mwens ke 5 ½ liv)⁶
- Nesans a pwoblèm (bebe an fèt anvan 37 semèn)⁶
- Piti pou laj jestasyonèl li (peze mwen ke 5eme pousantaj pou on nonb de semen)⁶
- Plis admisyon nan ICU⁶
- Plis tranble, kriye fò, ak move adaptasyon pou vizyon²
- Diminisyon nan rezilta Apgar li a 1 minit⁶
- Bebe ki fèt de manman ki fimèn marijuana gen on pi gwo chans mouri apre 1 an key o fèt⁵
- Lafimen segondè de marijuana ka bay menm pwoblèm ak lafimen sigarèt⁴



Laj Lekòl Bonè

- Agresif⁵
- Defisi atansyon⁵
- Ipèaktif⁵
- Enpilsif⁵
- Pwoblèm vision ak diksyon⁵
- Troub de memwa⁵
- Move rezilta akademik²

Pre-Adolesans (laj 9 a 12 an)

- Memm pwoblèm yo kontinye⁵
- Depresyon⁵
- Anksyete⁵
- Twoub spèkt otistik⁵
- Pwoblèm aprann lekòl⁵
- Konpatman psikotik⁵
- Entènalize ak ekstènalize pwoblèm⁵
- Pwoblèm dòmi⁵
- Diminisyon nan kognisyon⁵
- Pwoblèm sosyal⁵
- Pwoblèm de panse⁵



Adolesans ak Jèn Adilt

- Diminisyon nan rezilta akademik²
- Pwoblèm de konpatman²
- Depresyon psikosis²
- Pi gwo risk pou itilize marijuana²
- Pi gwo risk pou devlope pwoblèm abi de sibstans²

Pou rezon sa yo, nou rekòmande ke manman ki ansent, nan laj pou ansent, oswa kap alete pa itilize marijuana.

<https://www.marijuanaknowthetruth.org/marijuana-and-pregnancy/>

References:
¹Substance Abuse and Mental Health Services Administration. (n.d.). *Marijuana and pregnancy*. Retrieved October 6, 2022, from <https://www.samhsa.gov/marijuana/marijuana-pregnancy>
²Ryan, S. A., Ammerman, S. D., & O'Connor, M. E. AAP Committee on Substance Use and Prevention, AAP Section on Breastfeeding. (2018, September). Marijuana use during pregnancy and breastfeeding: Implications for neonatal and childhood outcomes. *Pediatrics*, 142(3). <https://doi.org/10.1542/peds.2018-1889>
³National Institutes of Health. (2013, December 11). *Tobacco, drug use in pregnancy can double risk of stillbirth*. <https://www.nichd.nih.gov/newsroom/releases/121113-stillbirth-drug-use#>
⁴The American College of Obstetricians and Gynecologists. (n.d.). *Marijuana and pregnancy*. Retrieved October 4, 2022, from <https://www.acog.org/womens-health/faqs/marijuana-and-pregnancy>
⁵Lo, J. O., Hedges, J. C., & Girardi, G. (2022, October). Impact of cannabinoids on pregnancy, reproductive health, and offspring outcomes. *American Journal of Obstetrics & Gynecology*, 227(4), 571-581. doi: 10.1016/j.ajog.2022.05.056
⁶Marchand, G., Masoud, A. T., Govindan, M., Ware, K., King, A., Ruther, S., Brazil, G., Ulibarri, H., Parise, J., Arroyo, A., Coriell, C., Goetz, S., Karrys, A., & Sainz, K. (2022, January 27). Birth outcomes of neonates exposed to marijuana in utero: A systematic review and meta-analysis. *JAMA Netw Open*. 2022, 5(1):e2145653. doi:10.1001/jamanetworkopen.2021.45653